

Dwa Edikasyonèl

Anba atik lwa McKenney-Vento a, timoun ki nan sityasyon kote yo pa gen kay pou yo rete gen dwa pou:

- Ale lekòl, kelkeswa kote yo abite a oubyen de pi konbyen tan yo abite nan kote a
- Ale oubyen nan yon lekòl lokal oswa nan lekòl orijin yo, si sa nan pi bon entre yo; lekòl orijin yo se lekòl ke timoun nan te konn frekante le li te gen yon kay pemanan oubyen lekòl kote li te enskri a
- Resevwa transpotasyon pou ale ak pou soti nan lekòl orijin nan
- Enskri lekòl imedyatman, menm si li manke dosye oswa dokiman ke yo nomalman ekzije pou li enskri tankou batiste, prev rezidans, dosye lekòl avan yo oubyen dosye vaksinasyon/medikal
- Enskri, vini nan klas, epi patisipe an plen nan tout aktivite lekòl yo pandan ke lekòl la ap ranje pou transfè ak pou jwenn dosye yo
- Genyen aksè a menm pwogram ak sèvis ki disponib pou tout lòt elèv ki enkli transpotasyon ak sèvis edikasyon siplematè
- Vini patisipe nan lekòl avèk timoun ki pa nan sityasyon sanzabri; yo ente segregasyon ki baze sou estati sanzabri
- Si genyen yon diskisyon konsènan plasman oubyen transpotasyon, paran/responsab elèv la ta dwe kontakte moun ki asire Liyezou ak Distri a pou tanmen pwosesis rezolisyon dispit la. Moun ki asire Liyezou an pral ranje yon reyinyon pou soti ak yon rezolisyon nan espas 7 jou avèk administrasyon lekòl la ansanm ak fanmi yo. Nan ka kote pa gen okenn rezolisyon, yo kapab mande pou ale an apèl nan nivo eta a lè yo voye dispit la devan Pwogram Edikasyon pou Elèv Sanzabri ki nan Depatman Edikasyon Florid la, 325 West Gaines Street, Room 352, Tallahassee, FL 32399-0400.

DELARASYON VIZYON DISTRI A

Tout elèv pral konplete lekòl yo epi yo ap prepare pou kontinye ansèyman yo ak pou asime responsabite yo nan kominote a ak sou plan global.

<http://www.collierschools.com/homeless>

DR. KAMELA PATTON
SIPEENTANDAN LEKOL YO

KONSEY ADMINISTRASYON DISTRI LEKOL COLLIER COUNTY

ROY M. TERRY, PREZIDAN

STEPHANIE LUCARELLI,

MANBVIS-PREZIDAN

ERICK CARTER, MANB

JEN MITCHELL, MANB

DR. JORY WESTBERRY, MANB

Pèsòn nan distri sa a pa gen dwa pratike diskriminasyon kont pèsòn akoz ras yo, koulè, sèks, laj, relijyon, andikap yo, orijin nasyonal, ak/oubyen estati matrimonyal yo, pou anpeche yo patisipe, refize yo jwenn avantaj nan nenpòt pwogram edikasyon osnon aktivite, oubyen kondisyon travay ak lòt pratik ke Konsèy Administrasyon an ap mennen.

Si ou (granmoun) gen kesyon osnon plent pou-w pote konsènan Atik sou Ekite Edikasyon-an, nan Tit IX, Seksyon 504 (Atik sou Reyabilitasyon-an), oubyen Atik sou Ameriken Andikape yo, kontakte Valerie Wenrich, Direktris Egzekitif, Resous Imèn (239) 377-0351. Si ou menm (elèv) gen kesyon osnon plent pou-w pote konsènan Atik sou Ekite Edikasyon-an, nan Tit IX, Atik 1975 sou Diskriminasyon Laj yo, kontakte Steve McFadden, Kowòdonatè Sèvis/Gid ak Konsèy Elèv yo, (239) 377-0517. Si ou (elèv) gen kesyon osnon plent pou-w pote konsènan Seksyon 504 (Atik Reyabilitasyon-an) ak Atik Lwa sou Ameriken Andikape yo, kontakte Dr. Dena Landry, Biwo Sèvis Elè vo/Sèvis Sikolojik yo, (239) 377-0520. Adrès kote pou ou jwenn moun nou sot ba ou pou-w kontakte yo se: Biwo Administrasyon Distri Lekòl County-a, 5775 Osceola Trail, Naples, FL 34109.

Collier County Public Schools

Exceptional Education and
Student Support Services

EDIKASYON POU ELEV KI PA GEN KAY YO

*Karen Stelmacki
Direktris Egzekitif*

*Hemlal Kafle
Responsab Liyezou pou
Edikasyon
Elèv ki pa Gen Kay yo*



Ki Moun Elèv ki San Kay yo ye?

Atik McKinney-Vento pou Asistans Moun ki San Kay yo pwoteje dwa edikasyon elèv ki pa gen kay pou rete yo genyen. Li founi fon ak pwoteksyon legal yon fason pou timoun ak jèn ki ap dòmi nan lari kapab enskri, vini lekòl, epi fè pwogrè nan pwogram lekòl yo. Seksyon 725 nan Atik la defini “timoun ak jèn san kay yo” (ki nan laj pou lekòl oubyen ki pi jèn) kòm:

Timoun ak jèn ki pa genyen yon rezidans fiks, regilye, e adekwa pou pase nwit yo, e sa enkli timoun ak jèn ki:

- Ap pataje yon chanm nan yon kay avèk lòt moun paske yo pèdi kay pa yo, ap travèse yon move sitiyasyon ekonomik, osnon yon rezon ki sanble ak rezon sa yo.
- Ap viv nan motèl, otèl, pak trelè, oubyen nan espas moun fè kan akoz yo pa gen lòt kote pou yo rete.
- Ap viv nan yon andwa akoz ka ijans oubyen pou yon period tranzisyon.
- Yo abandone nan lopital.
- Ki ap tann leta plase yo nan yon fanmi.
- Ki gen yon rezidans piblik oubyen prive pou dòmi men ki pa fèt òdinèman pou moun abite.
- Ap viv nan machin, sou plas piblik, nan kay abandone, vye kay, estasyon bis ou tren osnon lòt andwa konsa.
- Ap deplase soti yon zòn pou ale nan yon lòt ke yo kalifye kòm timoun ki pa gen kay akoz yo ap viv nan sikonstans ki dekri pi wo yo.
- Jèn ki pa akonpanye - Yon timoun oubyen jèn ki sanzabri, ki pa fizikman sou kont paran oswa responsab legal li.

Bi

Distri Lekòl Collier county a idantifye elèv ki sanzabri pou ede yo minimize ratman yo ka genyen nan eksperyans edikasyon yo. Timoun ki san kay yo souvan gen ratman nan edikasyon yo akoz yo oblije ap janbe soti nan yon lekòl pou ale nan yon lòt detanzantan e yo ap manke nan devlopman abilite yo. Misyon distri a se pou founi eksperyans edikatif ki konsistan e ki gen bon jan kalite pou **tout** elèv pou kapab pèmèt yo atenn potansyalite maksimòm yo. Pou ede elèv ki san kay yo, distri a anplwaye yon moun pou fè liyezòn avèk yo epi pou travay eksklizivman avèk elèv yo ansanm ak paran yo.



Enfòmasyon sou Sèvis ki ka ede ou pou enskripsyon kapab ...

Depatman Sante Collier County (**Vaksen Gratis***)

3339 East Tamiami Trail, Suite 145
Phone: (239) 252-8200 pou randevou

Estatistik Vital - Batistè Florida (239) 252-8205

Swen Mobil Ronald McDonald (Egzamen Fizik Gratis)
(239) 658-3013 pou randevou

Swen pou Dan - Ijans, swen restoratif ak prevantif pou timoun rive jiska 21 ane ak granmoun ki kalifye finasyèman. (239) 252-5314

Dantistry pou Timoun nan Naples - Pou randevou (jiska 18 ane) (239) 262-3898

Aksè - SNAP, Medicaid, asistans pou lajan cash. 1-866-762-2237 oubyen www.myflorida.com/accessflorida

Yo pral bay lekòl la yon sètifika vaksen Florida, oswa egzansyon, ak yon egzamen fizik nan espas 30 jou aprè dat enskripsyon an. Gen vaksen ki disponib gratis nan

Depatman Sante Florida nan Naples ak Immokalee. Gen asistans ki disponib pou fè egzamen fizik la.

Se kisa Liyezòn an Kapab Fè

- Ede pou ke timoun nan enskri ak anwòl lekòl a lè.
- Aranje transpòtasyon pou timoun nan ale/soti nan lekòl orijin li si li elijib pou sa.
- Aranje pou ke timoun nan toujou vini lekòl nan lekòl orijin li.
- Aranje pou li jwenn manje gratis.
- Fè timoun ki ap aprann Anglè yo jwenn sèvis yo merite.
- Refere yo a sèvis ki disponib atravè Lekòl Piblik Collier County yo.
- Ede nan fè timoun nan pran vaksen ak fè egzamen medikal pou li ka vin enskri lekòl.
- Konsye elèv yo ak paran yo.
- Bay paran yo sipò.
- Ede timoun yo jwenn materyèl ak inifòm yo bezwen pou lekòl la.
- Kowòdone sèvis yo avèk lòt ajans kominotè si gen bezwen.



Pou plis enfòmasyon kontakte:
Hemlal Kafle
Telefòn: (239) 377-0544
Fax: (239) 377-0161
E-mail: kafleh@collierschools.com